NEW YORK STATE OF OPPORTUNITY. | Department of Health

KATHY HOCHUL
Governor

JAMES V. McDONALD, M.D., M.P.H.
Acting Commissioner

MEGAN E. BALDWIN
Acting Executive Deputy Commissioner

KESYON MOUN POZE SOUVAN sou pwogram asirans Medicaid la pou moun New York ki enskri atravè Depatman Sèvis Sosyal Lokal (Local Departments of Social Services, LDSS) yo oswa Administrasyon Resous Imèn Vil New York (New York City Human Resources Administration, HRA)

19 avril 2023

Poutèt egzijans lwa federal yo ak lòt mezi fleksib yo, ou enskri nan Medicaid san w pa oblije renouvle asirans ou chak ane. Sepandan, lwa federal yo chanje epi pwosesis renouvèlman regilye yo pral rekòmanse pandan tout ane a, apati sezon Prentan 2023 a. Depatman Sèvis Sosyal Lokal (Local Departments of Social Services, LDSS) yo oswa Administrasyon Resous Imèn Vil New York (New York City Human Resources Administration, HRA) ap voye avi pou ou lè w dwe renouvle l chak ane.

1. Kisa mwen kapab fè pou m prepare pou chanjman sa a?

Asire w adrès, nimewo telefòn ak lòt enfòmasyon pou kontakte ou yo ajou nan Depatman Sèvis Sosyal oswa HRA Vil New York. Si nenpòt nan enfòmasyon sa yo te chanje oswa si ou pa kwè yo ajou, kontakte LDSS oswa HRA ou. Si yo pa gen adrès postal kòrèk ou a, ou ka pa resevwa lèt Medicaid ou a, sa vle di ou ka pèdi asirans Medicaid ou a.

2. Kijan m ap fè konnen lè pou mwen renouvle Medicaid mwen?

Lè pou ou renouvle, LDSS oswa HRA a pral voye sou imèl ou yon dosye pou renouvèlman Medicaid. Ou pral resevwa dosye renouvèlman w lan anvan dat limit enskripsyon w lan. Dat limit enskripsyon ou a se dat pwoteksyon asirans ou a pral fini si ou pa suiv enstriksyon ki sou dosye renouvèlman w lan. Ou ka kontakte LDSS oswa HRA pou mande ki dat enskripsyon ou an ap kanpe.

3. Kisa mwen dwe fè pou m toujou genyen asirans Medicaid mwen an?

Lè pou ou renouvle, ou ka resevwa yon avi ki ap di w kòman pwoteksyon Medicaid ou a ye oswa ou pral gen pou w renouvle asirans Medicaid ou a menm jan ou te konn fè sa a anvan Ijans Sante Piblik COVID-19 la te kòmanse. LDSS oswa HRA a pral voye sou imèl ou yon dosye pou renouvèlman Medicaid. Pou renouvle asirans Medicaid ou an, ou dwe suiv enstriksyon yo sou fason pou ranpli epi soumèt fòm renouvèlman w lan anvan dat yo mete sou fòm ou an. Si w pa retounen fòm renouvèlman ou an bay LDSS oswa HRA ou anvan dat yo mete sou fòm lan, ou ka pèdi asirans Medicaid ou a.

4. **Lè m fin resevwa dosye Medicaid mwen an epi m reponn tout kesyon yo epi mwen siyen nan dènye paj fòm renouvèlman, kòman pou m soumèt li bay LDSS mwen an?**

   Ou ka soumèt fòm renouvelman Medicaid yo bay LDSS ou a nan youn nan fason sa yo: ale voye l oumenm, pa kourye oswa voye l pa efaks oswa faks. Si LDSS ou a gen aksè ak aplikasyon mobil NYDocSubmitepi ou gen aplikasyon NYDocSubmit sou telefòn ou an, ou kapab tou itilize NYDocSubmit pou voye fòm renouvèlman ou an. NYDocSubmit disponib sou Apple App Store ak Google Play Store pou telechaje. Ou ka telechaje fòm renouvèlman w ranpli epi siyen an sou NYDocSubmit nan "Other" (Lòt) seksyon aplikasyon an. Ou kapab voye tout dokiman yo mande pou ka detèmine kalifikasyon w pou Medicaid nan NYDocSUbmit lè w telechaje yo nan seksyon ki apwopriye nan aplikasyon mobil la.

5. **Èske m ap bezwen bay LDSS oswa HRA prèv revni ak resous mwen yo nan aplikasyon mwen oswa renouvèlman mwen?**

   LDSS oswa HRA ou pral voye yon avi pou fè w konnen prèv ki nesesè pou bay kòm dokiman revni ak resous ou sou fòm aplikasyon ou an oswa renouvèlman w lan. Si LDSS oswa HRA bezwen plis prèv, w ap resevwa yon avi pou yo di w ki lòt dokiman w ap bezwen bay. Ou dwe reponn byen vit. Si ou gen difikilte pou jwenn dokiman nesesè yo, ou ta dwe fè LDSS oswa HRA konnen sa a imedyatman. Ou ka jwenn nimewo telefòn ak adrès pou LDSS oswa HRA nan https://health.ny.gov/health_care/medicaid/ldss.htm.

6. **Mwen te deplase nan twa (3) ane ki sot pase yo oswa mwen gen yon nouvo adrès, oswa mwen gen plan pou m demenaje byento. Kijan pou mwen pataje nouvo adrès mwen an avèk LDSS oswa HRA?**

   Pou asire w yo pa fèmen ka Medicaid ou a, li enpòtan anpil pou w fè LDSS oswa HRA konnen nouvo adrès ou a, nimewo telefòn ak lòt fason yo ka kontakte w. Si yo pa gen adrès postal kòrèk ou a, ou ka pa resevwa lèt Medicaid ou a, sa vle di ou ka pèdi asirans Medicaid ou a. Ou ka jwenn nimewo telefòn ak adrès pou LDSS oswa HRA nan https://health.ny.gov/health_care/medicaid/ldss.htm.

7. **Mwen te bay nouvo adrès mwen an nan plan Medicaid mwen an. Èske m ap toujou bezwen bay LDSS oswa HRA li?**

   Wi. Pou asire w yo pa fèmen ka Medicaid ou a, li enpòtan anpil pou w fè LDSS oswa HRA konnen nouvo adrès ou a tou. Ou ka jwenn nimewo telefòn ak adrès pou LDSS oswa HRA nan https://health.ny.gov/health_care/medicaid/ldss.htm.

8. **Mwen patisipe nan pwogram Medicaid Excess-Income (Spenddown) lan oswa Pay-In lan. Apre renouvèlman kòmanse, èske m ap bezwen soumèt yon bòdwo oswa pèman?**

Ou dwe kontinye soumèt bòdwo oswa fè vèsman ou yo bay LDSS oswa HRA w (oswa Plan Jesyon Swen Alontèm ou a [Managed Long Term Care Plan]) pou w ka respekte obligasyon ou genyen anvè pwogram Medicaid Excess Income (Spenddown-Debouse) lan oswa Pay-In lan. Si sa te rive w epi ou pa ka soumèt bòdwo oswa fè vèsman ou yo bay LDSS oswa HRA w lakoz ijans sante piblik COVID-19 la (pa egzanp: ou te nan karantèn) epi ou poko respekte obligasyon w, kòmanse, 1ye jiyè 2023, yo pral mande w pou respekte obligasyon mansyèl ou nan Pwogram Medicaid Excess Income (Spenddown) lan oswa Pay-In lan. Epitou, ou ka kontakte LDSS oswa HRA pou poze nenpòt kesyon ou genyen.

9. Nan moman ijans sante piblik COVID-19 la, mwen te fè demann pou yon Odyans san patipri konsènan kalifikasyon oswa estati Medicaid mwen epi mwen te resevwa *èd pou m kontinye (Aid to Continue)*. Kijan sa enpakte asirans Medicaid mwen?

Si asirans Medicaid ou a te anba estati Èd pou Kontinye nan dat 18 mas 2020 oswa apre, yo te kenbe kalifikasyon Medicaid ou ak menm asirans la depi lè sa a – yo pa te limite oswa koupe asirans la pandan ijans sante piblik COVID-19 la. Lè renouvèlman kòmanse, y ap kontakte w sou demann ou a pou yon odyans san patipri. Asirans Medicaid ou a ap kontinye anba estati Èd pou Kontinye epi yo p ap limite oswa koupe li pandan y ap travay sou demann pou yon odyans san patipri ou a. Si w gen kesyon sou Odyans san patipri ou a, kontakte LDSS oswa nimewo telefòn Biwo Odyans Administrativ (Office of Administrative Hearings) ki nan Avi Odyans San Patipri ou a.

10. Mwen nan Pwogram Medicaid Buy-In lan pou Moun k ap Travay ak Andikap yo (Working People with Disabilities) epi mwen te pèdi travay mwen pandan ijans sante piblik COVID-19 la. Apre renouvèlman kòmanse, èske mwen ap pèdi asirans Medicaid la?

W ap rete kalifye pou asirans Medicaid nan pwogram Medicaid Buy-In pou Moun k ap Travay ak Andikap yo (Working People with Disabilities) jiskaske LDSS oswa HRA re-detèmine kalifikasyon w pou Medicaid nan moman renouvèlman an.

11. Kisa k ap pase si mwen pa kalifye ankò pou Medicaid apre yo fin trete renouvèlman mwen an?

Nou vle tout moun New York ki kalifye yo jwenn epi rete anba kouvèti asirans lan. Si ou pa kalifye ankò pou Medicaid, oswa si yo refize aplikasyon w lan, w ap resevwa:

- Avi sou kilè asirans Medicaid ou pral fini,
- Enfòmasyon sou fason pou fè apèl si ou kwè desizyon anilasyon an pa kòrèk, ak
- Si se sa, w ap resevwa enfòmasyon sou kèk lòt pwogram asirans sante ak fason ou ka enskri ladan yo gras ak NY State of Health. Gen èd finansye ki disponib pou moun ki kalifye yo. Enskripsyon nan NY State of Health ap rete ouvè pou nenpòt moun ki ta pèdi pwoteksyon asirans sante yo pandan pwosesis re-detèminasyon an kapab enskri nan lòt asirans sante, si yo kalifye.

12. Mwen gen Medicare ak plan Swen Jesyon Medicaid. Èske m ap kontinye gen toude asirans yo lè m dwe renouvle?

Pifo moun ki kalifye nan toude (Medicare ak Medicaid) yo pa p nan plan jesyon swen Medicaid yo ankò. Y ap anile enskripsyon moun ki kalifye pou toude yo nan Frè pou Sèvis Medicaid (Fee-For-Service Medicaid) nan jou k ap vini yo, 1ye jou nan mwa apre avi pwoteksyon Medicare la. Moun ki fenk enskri nan Medicaid yo ki toujou enskri nan yon plan jesyon swen Medicaid selon gid enstriksyon ijans sante piblik la, y ap anile enskripsyon yo nan plan jesyon swen Medicaid (Medicaid Managed Care) nan moman renouvèlman.

Pwogram Benefis Integre pou Moun ki Doubleman Elijib (Integrated Benefit for Dual Eligibles, IB-Dual) se yon chwa pou konsomatè ki kòmanse pandan peryòd Pwoteksyon San Rete an (Continuous Coverage Requirement, CCR). Pwogram IB-Dual la pèmèt konsomatè yo rete enskri nan plan jesyon swen Medicaid la (Medicaid Managed Care, MMC) ak/oswa Plan Sante ak Gerizon (Health and Recovery Plans, HARP) pandan yo ka enskri tou nan Avantaj Medicare Plan Doub pou Bezwen Espesyal (Medicare Advantage D-SNP) nan menm plan jesyon swen MMC/HARP a. Pwogram IB-Dual la ap toujou rete yon chwa konsomatè yo genyen menm apre CCR ta fini. Sof pou moun ki enskri nan de (2) plan yo, resepsyon Medicare ka toujou anile enskripsyon ki te fèt pou jesyon swen Medicaid oswa HARP.

13. Mwen gen plis pase 65 lane epi m ap resevwa Medicaid. Yo pa mande m pou m aplike pou Medicare oswa lòt avantaj mwen ka kalifye pou yo pandan ijans sante piblik la. Èske y ap egzije m pou m aplike pou Medicare ak lòt avantaj mwen ka kalifye pou yo apre renouvèlman mwen an kòmanse?

Wi. Si w vin kalifye pou aplike pou Medicare pandan ijans sante piblik la, li pral obligatwa kounye a pou w aplike pou Medicare oswa nenpòt lòt avantaj ou ka kalifye pou yo ki obligatwa pou w ka toujou kalifye pou Medicaid. Ou pral resevwa yon lòt lèt ki pral enfòme w sou obligasyon ou genyen pou aplike pou Medicare oswa LDSS oswa HRA pral fè w konnen lè w ap renouvle si gen lòt avantaj ou dwe aplike pou yo.